




ສາມັນນາທາງ



ຖ້າກາຍທຸກພິພັກເກົ່າລາເຫຼາ
 ບາດກ້າລາເຫຼາກາຍເຫຼາລາເຫຼາ ທຸກສິ່ງ
 ລາເຫຼາເຫຼາເຫຼາເຫຼາ ລາເຫຼາເຫຼາ ທຸກສິ່ງ
 ທຸກສິ່ງທຸກສິ່ງ ທຸກສິ່ງທຸກສິ່ງ ທຸກສິ່ງ
 ທຸກສິ່ງທຸກສິ່ງ ທຸກສິ່ງທຸກສິ່ງ ທຸກສິ່ງ
 ທຸກສິ່ງທຸກສິ່ງ ທຸກສິ່ງທຸກສິ່ງ ທຸກສິ່ງ

ຮາບໍ່



(Peŕikan saking serat-serat kabar sanès).

TANAH NGRIKI.

Pindahan journalistiek. Toewan Tan Hoa Bouw toewin toewan J. D. Syaranamual sami dados redaktoer wonten ing Sin Tit Po. Toewan Tan Hoa Bouw poenika roemijin wd. hoofdredacteur Siang Po ing Betawi, déné toewan J. D. Syaranamual sampoen naté dados redaktoer wonten ing Sin Tit Po.



Boepati énggal ing Pamekasan. Dèrèng dangoe poenika R. T. A. Abdoel Azis (katjèta ing gambar) sampoen katetepaken dados Boepati ing Pamekasan, Madoera.

R. T. A. Abdoel Azis poenika poëtranipoen R. M. A. A. Koesoemodipoetro, w. Boepati ing Panaroekan.

Parepatan wanita Arab ing Pekalongan. Pakempalaning wanita Arab nama Nahdatoel Moeminat ing Pekalongan mentas ngawontenaken parepatan. Parepatan waoe kaŕah ingkang andatengi, namoeng wanita toemrap golongan El-Irsjad dipoen pambeng déning golongan djaler. Ing parepatan ngrikoe namoeng maligi tijang èstri tok, langkoeng tretib, wewakiling Paréntah, sanadyan nenggani, namoeng mireng swara kémawon. Ingkang meŕarsabda Sj. Noerdjanah, ngaos qoer'an, Sj. Zein Thalib nerangaken kadjenging pakempalan N.M.. Sj. Meimoenah El Bahrodj bab wanita ing ébah-ébahan toewin Sj. Tinoer bab babagan wadjibing wanita. Pakempalan waoe baŕé ngedalaken boekoe kanggé waosaning wanita, nama Noeroel-Haq, toewin taksih wonten sanès-sanèsipoen malih. Oegi mitongtonaken barang dedamelan. Woesana pinanggih willoedjeng.

Kapal ingkang baŕé dipoen beskoep késah. Sampoen sawatawis dinten wonten kapal Djepan dipoen tahan wonten ing Betawi, amargi gaŕah samboetan, ngentosi ngantos sagedipoen ambajar. Woesana kasoemerepan kapal waoe sampoen késah saking papan panggènanipoen. Kalih taoen kapengker, kapal waoe sampoen naté dipoen tahan wonten ing Makasar. Kapal waoe baŕé rekaos anggèning laboeh wonten ing poendi-poendi, amargi serat-seratipoen dipoen tjepeng déning Havenmeester.

Redacteur kalawarti Panggilan Waktoe kaoekoem. Toewan Horas Siregar, redacteur kalawarti Panggilan Waktoe ing Kota Bårøe, Bornéo, dipoen priksa ing pangadilan landraad, kaoekoem 1 taoen, kasoeda tahanan, amargi kalepatan nerak angger-angger 153 bis, ing bab karangan „Indonésia dan politiek”.

Njadé pabrik genŕis. Kawartosaken, pabrik genŕis ing Kartasoera, Soerakarta, saèstoe kasadé ŕateng bangsa Indoe. Nanging pabrik waoe tetep wonten ngrikoe, boten baŕé kabeŕol ŕateng Indoe kados pawartos ing ngadjeng.

Panggesangan ing laladan Betawi. Mitoeroet palapoeran bab panggesangan ing Betawi pinanggih saé, tinimbang tigang woelan kapengker. Nanging manawi dipoen tanŕing kalijan pamedal ing taoen kapengker, saged oegi panèn ing taoen 1935 ngoewatosaken. amargi taneman ing Krawang toewin Betawi pinanggih langkoeng awon. Toemrap panggaotan topi ing Tangerang katingal madjeng, kaŕah welingan.

Arta ringgit palsu. Ing sapoenika saja kaŕah arta ringgitan palsu ingkang soemeber. Ing Palopo, Selebes, wonten tijang kasoemerepan baŕé nglebetaken arta ringgitan palsu. Sareng dipoen gléŕah, kasoemerepan tijang waoe ngintoenaken arta ringgitan palsu f 1500.— ŕateng Betawi, dipoen waŕahi ing peŕi saboen. loemantar K. P. M.

Gambar Nieuw-Guinea. Mitoeroet pawartos, ing bab baŕé padamelipoen gambar tanah Nieuw-Guinea, ing sadèrèngipoen tetep baŕé katindakaken mawi motor maboer saganten, kanŕi dipoen toetaken ing kapal ingkang dados panggènaning motor maboer. Padamelan waoe kinten-kinten baŕé toemindak ngantos tetahoenan, awaragad kaŕah. Ing samangsa sampoen wonten panimbangipoen papréntahan wadyabala, ladjeng baŕé katetepaken, padamelan waoe baŕé katindakaken déning wadya laoetan, poenapa wadya ŕaratan, poenapa dipoen tindakaken déning K.n.i.l.m. pijambak, poenapa tiga pisan sesarengan.

Directeur Regentschapswerken salingkoeh. Directeur Regentschapswerken ing Tangerang toewan W. A. Coesters, kadakwa njalingkoehaken arta tetanggelanipoen f 2000.— Nanging wonten pawartos arta waoe ladjeng baŕé kawangsoelaken. Dakwa dipoen gantoeng pangkatipoen saha baŕé kasereg ing prakawis.

Kasir nginggataken arta. Kasir ingkang ngrangkep dados toekang tagih ing toko Deli-Atjeh, Betawi, sawenehing dinten kapoerih ambajar arta ŕateng bank. Woesana ladjeng minggat. Kasir waoe mawi damel gelar oegi ambajaraken arta ŕatang bank f 500.— preloe kanggé djagi manawi wonten pitakènan saking pangagengipoen. Nanging sanjatanipoen toemrapping toko boten kapitoenan, amargi njepeng arta tetanggelan.

Pakempalan bangsa Tionghoa klontong. Ing Medan pinanggih kaŕah para dagang alit-alit bangsa Tionghoa sami nanŕang kapitoenan, amargi sami djor-djoran regi. Ing bab poenika ladjeng wonten ririgen ngedegaken pakempalan ingkang akadjeng roekoem. Woesana kelampahan saged ngadeg kanŕi tatènan saé.

Kadoerdjanan ing pagantosan Pasar Baroe, Batawi. Ing ngadjeng sampoen naté kawartosaken, grija pagantosan ing Pasar Baroe naté kalebetan pandoeng, nanging pandoengipoen ladjeng katjepeng sampoen ambekta barang mas inten regi éwon. Ing sapoenika prakawis waoe sampoen karampoengan ing pangadilan, pasakitan kaoekoem 4 taoen.

Wisoe dan patih. M. Prawataadikoesoema, wadana ing Madjarsari, kaboe patèn Madjakerta, kawisoe dan dados patih wonten ing Banjoewangi.

Djoeroe angadili salingkoeh. Wonten pawartos, toewan Awon-dato, adjunct djaksa ing Menado dipoen gantoeng kalenggahanipoen, amargi njalingkoehaken arta den dan, tjatjah den dan 6000 prakawis, katjahing arta f 12.000.—

Bab emas ing Banten. Ing bab papan pamilikan emas ing Banten sampoen dipoen wiwiti toemindak ing damel. Ingkang kawigatosaken ing sapoenika ing bab margi-marginipoen, amargi taksih sakalangoeng rekaos. Kadjeng-kadjeng ing trowongan katjah ingkang itjal, mbokmanawi kapendetan tijang. Dados ing bab toemin-daking damel poenika saweg babagan damel margi toewin pamondokan.

Digoel katjepeng militèr malih. Kawartosaken. Tanah Mèrah toewin Tanah Tinggi ing sapoenika dipoen tjepeng militèr. Gezaghebber sampoen pasrah padamelan dateng militèr. Ingkang dados pangageng kaptin van Langen.

Njegah sesakit typhus ing Dèpok. Gouvernements-Ind. Arts ing Dèpok nindakaken ririgen njegah toemoelaring sesakit typhus ing ngrikoe sarana njoentik. Ing sapoenika tjatjahipoen tijang ingkang dipoen soentik sampoen 840.

Toewan Brotokésowo dipoen tarik ing poelisi. Wonten pawartos, toewan Brotokésowo, hoofdredacteur O.I. dipoen tarik ing poelisi, babagan karangan Asmaragama, ingkang soeraosipoen lékoh. Boekoe waoe kaetjap saha kasadé déning Boekhandel Tan Khoen Swie.

Auto dipoen tempoe ing sima. Ing Pakan Baroe, Soematra, wonten auto loemampah, sareng lampahipoen doemoegi antawising Pajakoemboeh toewin Pangkalan, auto waoe mlin des sima, sima pedjah. Sanès dinten sareng auto waoe langkoeng ing papan pang-genanipoen mlin des sima, auto waoe dipoen loempati ing sima 2, mbokmanawi kadjengipoen ba de noebroek, ambèlani kantjanipoen, toedjoenipoèn langkoeng.

Conferentie hoofdbestuur P.K.M.N. Wiwit béndjing tanggal 31 Augustus doemoegi 2 September 1934 H.B.P.K.M.N. (Perkoem-poe lan Kawoela Mangkoenagaran) ba de ngawontenaken conferentie. Ing sapoenika warganipoen sampoen wonten 80.000.

Pantjenipoen ing taoen poenika ba de ngawontenaken kongres ingkang kapisan, nanging dèrèng manggih papan ingkang njekapi. Conferentie poenika ba de ngrembag babagan bebadan commissie toewin netepaken padamelaning satoenggal-satoenggaling bebadan. Manggèn ing soos Mangkoenagaran.

Sesakit tjtjar ing Poelo Seriboe. Kawartosaken, ing poelo Seriboe toewoeh sesakit tjtjar. Ing saladjengipoen pakarjan Kasarasan midji Dr. Hardjono, ka dawoehan dateng poelo Seriboe kan ti ambekta djampi-djampi, preloe nitipriksa, sesakit ing ngrikoe waoe tjtjar poenapa influenza. Manawi njata sesakit tjtjar, ladjeng ka dawoehan wangsoel preloe nindakaken ririgen sapreloenipoen.

Gegentosipoen Ir. Wellenstein. Ing sasèdanipoen Ir. Wellenstein, Directeur Economische Zaken, sinten ingkang ba de anggentosi, dèrèng tje ta. Dèné ingkang kaoesoelaken: Mr. Hart, voorzitter Indische Ondernemersbond.

Goeroe ngèlmi gaib. Ing doesoan Sanggrong, Djatirototo, Wonogiri, wonten goeroe ngèlmi gaib nama Sodrono, katjah sanget tijang ingkang dateng ing ngrikoe. Dèné goeroe waoe mawi amemetja ba de kadadosaning lelampahan ing wingking, saha mawi kekoe- doeng P.K.S. gegajoetan bangsaning ratoe adil. Wosipoen sadaja waoe bangsaning apoès-apoès.

Ing bab verpleegster Walandi In do. Ing bab ba de wontening verpleegster bangsa Walandi In do kados ingkang sampoen kawartosaken, poenika dèrèng wonten sinten ingkang katetepaken ba de dipoen tampèni, nanging sampoen dipoen sa djiani panggénan.

Andoedoe koeboeran. Ing doesoan Ngandoek, Koedoes, wonten tijang nama Rochin ngadjal djalaran sakit ambeboetjal, nalika sakit angsal pitoeloengan djampi dokter, nanging dèrèng ngantos saras ladjeng migoenakaken djampi doekoen. Wasana sareng ngadjalipoen sampoen 40 dinten, wonten warisipoen ingkang njereg prakawis, njarijosaken bilih ngadjalipoen waoe dipoen pandamel déning doekoen. Wasana majitipoen dipoen doedoe malih, wonten péranganing majit ingkang kapendet ba de kapriksa.

Tjobèn-tjobèn ngingah oelam karper ing Klatèn. Awit saking ririgenipoen pangageng ingkang wadjib, ing doesoan Marangan, Klatèn, ngawontenaken tjobèn-tjobèn ngingah oelam karper wonten ing sabin ing sabibar tanem. Oelam waoe nalika katjemploengaken pandjangipoen saweg 6 cm. Sasampoenipoen 1½ woelan, ladjeng kapendet, agengipoen sampoen kawan njari, ladjeng kasadé makaten kémawon, preloe ngloemoehi tijang ingkang ba de toembas mirah, awit manawi ingkang ageng, ngantos regi f 1.— Manawi tjobèn-tjobèn poenika saged toemindak saé, ba de dipoen limrahaken.

Kantor advocaat énggal. Mr. R. Soedirman, Landrechter ing Magelang ngrangkep ing Temanggoeng, sasampoening kèndel saking padamelan, ladjeng bikak kantor advocaat toewin procureur wonten ing Magelang.


Adjunct Translateur ing Soerakarta. Kawartosaken, salo-wongipoen Adjunct Translateur ing Soerakarta, dipoen gentosi R. Mohammad Djarot, ambtenaar ingkang kabantokaken ing kantor Arbeidsinspectie. Toewan Mohammad Djarot poenika wedalan Osvia, naté njamboetdamel wonten Balé Poestaka.

EUROPA




Soeltan ing Marokko. Inginggil poenika gambaripoen S. M. Moulay Joussef, Soeltan ing Marokko nalika tindak dateng Paris, andèkèk gegeobahan sekar wonten koeboeranipoen sara da doe ingkang boten kasoemerepan namanipoen.

ကုမ္ပဏီတို့၏ ဝန်ဆောင်မှုများကို အကဲဖြတ်ရန် အတွက် အထူးအားပေးသော အဖွဲ့အစည်းများကို ဖွဲ့စည်းပေးခဲ့ပါသည်။




|| အိမ်ထောင်ရေးအဖွဲ့ဝင်များ :
MARION NIXON
 သူမ၏အသုံးပြုမှုများသည်
 အထူးအားပေးသော
Toilet Lux သို့မဟုတ်
 အခြားအသုံးပြုမှုများ
 ကိုသာသာအားပေးပါ
 ရန်အတွက် အထူးအားပေးပါ။

ပြုမူရသော အဖွဲ့အစည်းများ၏ ဝန်ဆောင်မှုများ
 ကိုသာသာအားပေးပါ။
 အထူးအားပေးသော ဝန်ဆောင်မှုများ



ကုမ္ပဏီတို့၏ ဝန်ဆောင်မှုများကို အကဲဖြတ်ရန် အတွက် အထူးအားပေးသော အဖွဲ့အစည်းများကို ဖွဲ့စည်းပေးခဲ့ပါသည်။
 ကုမ္ပဏီတို့၏ ဝန်ဆောင်မှုများကို အကဲဖြတ်ရန် အတွက် အထူးအားပေးသော အဖွဲ့အစည်းများကို ဖွဲ့စည်းပေးခဲ့ပါသည်။
 713 မိုင်နှင့် 705 မိုင်အထိ အကွာအဝေးရှိ Toilet Lux
 အထူးအားပေးသော ဝန်ဆောင်မှုများကို အကဲဖြတ်ရန် အတွက် အထူးအားပေးသော အဖွဲ့အစည်းများကို ဖွဲ့စည်းပေးခဲ့ပါသည်။
 filmstudios မှ
 အထူးအားပေးသော ဝန်ဆောင်မှုများကို အကဲဖြတ်ရန် အတွက် အထူးအားပေးသော အဖွဲ့အစည်းများကို ဖွဲ့စည်းပေးခဲ့ပါသည်။
 အထူးအားပေးသော ဝန်ဆောင်မှုများကို အကဲဖြတ်ရန် အတွက် အထူးအားပေးသော အဖွဲ့အစည်းများကို ဖွဲ့စည်းပေးခဲ့ပါသည်။
 Toilet Lux အထူးအားပေးသော ဝန်ဆောင်မှုများကို အကဲဖြတ်ရန် အတွက် အထူးအားပေးသော အဖွဲ့အစည်းများကို ဖွဲ့စည်းပေးခဲ့ပါသည်။



SABOEN TOILET LUX

